



Egzansyon Philadelphia Homestead lan pèmèt pwopriyetè kay yo ekonomize lajan sou Taks Imobiliye yo.

Pou ou kalifye, ou dwe posede pwopriyete a epi w ap viv ladan I kòm rezidans prensipal ou. Pa gen okenn kondisyon pou laj oswa revni. Ou dwe aplike sèlman yon fwa sòf si papye kay ou chanje.

Dènye dat limit pou aplike pou Egzansyon Homestead lan se 1 desanm 2024. Moun k ap aplike pou premye fwa yo dwe aplike oplita 13 septanm 2024 pou ou wè apwobasyon an parèt sou bòdwo 2025 Taks Imobiliye ou. Kandida ki apwouve apre dat sa a pral resevwa yon dezyèm bòdwo. Si ou gen kesyon sou Egzansyon Homestead lan, rele (215) 686-9200.

## 1 Enfòmasyon sou Kandida a

Non Pwopriyetè 1



- Bay non pwopriyetè (yo) ki parèt sou papye pwopriyete a
- Youn pwopriyetè ki abite nan pwopriyete a dwe siyen aplikasyon an. Lòt pwopriyetè yo pa oblige siyen
- Bay adrès postal ou si li pa menm ak adrès pwopriyete ke w ap chèche yon Egzansyon Homestead pou li a.
- Bay enfòmasyon kontak ki egzat.

Non Pwopriyetè 2

Adrès Pwopriyete a

Nimewo kont OPA Adrès

Postal (si li diferan)

Nimewo Telefòn

Adrès Imèl

## 2 Enfòmasyon sou Pwopriyete a

### Èske pwopriyete sa se rezidans prensipal ou?

WI  NON

Yon rezidans prensipal se kote ou gen entansyon abite yon fason pèmanan jiskaske ou bwote al abite nan yon lòt kay. Yo ka mande ou pou ou bay prèv ke pwopriyete sa se rezidans prensipal ou, tankou lisans chofè ou, kat enskripsyon elektè ou, oswa deklarasyon pésonèl taks federal sou revni ou.

### Èske ou deklare nenpòt lòt kote kòm rezidans prensipal ou?

WI  NON

Ou ka reklame Egzansyon Homestead lan yon fwa sèlman pou yon anplasman rezidans prensipal nan Filadèlfia. Ou pa ka deklare pwopriyete sa a kòm rezidans prensipal ou si: ou deklare yon lòt pwopriyete kòm rezidans prensipal ou, ou resevwa yon rediksyon nan taks, ou enskri nan LOOP, oswa ou gen yon lòt avantaj Homestead.

### Èske rezidans sa a fè pati yon koperativ kote enpe oswa tout taks yo peye ansanm?

WI  NON

Si se wi, ki \_\_\_\_\_ % Si w ap viv nan yon inite nan yon koperativ epi ou peye tout oswa yon pati nan taks sou pwopriyete ou ansanm ak lòt moun yo an pasan pa yon ajan jesyon oswa asosyasyon, olye ou peye taks ou apa parapò ak lòt inite yo, tcheke wi. Si ou reponni wi, tanpri endike pouvantaj ou nan pwopriyete a.

### Èske yon pati nan pwopriyete a itilize kòm yon biznis oswa pwopriyete lokasyon?

WI  NON

Si se wi, ki \_\_\_\_\_ % Tcheke wi si yo itilize pwopriyete w ap chèche yon Egzansyon Homestead pou li a pou lòt rezon, tankou yon biznis oswa yon pwopriyete lokasyon. Tanpri endike ki pouvantaj ki itilize pou objektif sa.

## 3 Siyati

Ak dokiman sa, mwen sètifye ke tout enfòmasyon yo ki anwo a

se verite epi yo kòrèk. Siyati: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Lè mwen siyen aplikasyon sa a, mwen deklare mwen se pwopriyetè pwopriyete ki endike anwo a. Mwen sètifye ke tout enfòmasyon yo ki anwo a kòrèk. Nenpòt moun ki depoze volontèman yon aplikasyon ki fo nan nenpòt kesyon enpòtan pral peye peman taks ki dwe yo, plis enterè, plis penalite epi li pral anba pouwit kòm yon deli nan twazyèm degre epi yon amann jiska \$2,500.



### Voye fòrm ki ranpli yo bay:

Philadelphia Department of Revenue  
PO Box 52817  
Philadelphia, PA 19115

Imèl: revenue@phila.gov

Sit entènèt: www.phila.gov/homestead

Vèsyon 20200430

[www.phila.gov/homestead](http://www.phila.gov/homestead) | [revenue@phila.gov](mailto:revenue@phila.gov) | (215) 686-9200